

**SERAT  
PANUNTUN  
NATA SASTRA**

**PAMBRASTA WUTA SASTRA**

Karanganipun :  
**Ki DHARMOBROTO dkk.**

Kawedalaken déning : Jajasan „DHARMO WANDOWO”

Djl. Slamet Rijadi 502

**SURAKARTA.**



## ISINE.

### BEBUKA

katja 3

### PIRANTINE

„ 5

I. Papan Nata Aksara.

II. Dus kotak isi kertu - aksara.

III. Buku Panuntun.

### TJARANESINAU.

katja 6

1. Ngapalaké tembung<sup>2</sup> ngisoring gambar (2 larik)

katja 6

2. Natjahaké kèhing tembung<sup>2</sup> ing ngisor gambar (7 tembung).

3. Ngudal wändaning tembung ing larikan A lan B.

4. Ngudari wanda dadi aksara

katja 7

5. Nutupi aksara ing ngisor gambar nganggo kertu - aksara

katja 8

6. Gawé tembung<sup>2</sup> lija nganggo wanda<sup>2</sup> ing larikan A. B.

katja 9

7. Gawé wanda<sup>2</sup> lijané

katja 10

8. Gawé wanda<sup>2</sup> menga aswara :

„ 11

a — i — é — o — u — e — è.

9. Ndapuk tembung<sup>2</sup> sarta ukara<sup>2</sup> nganggo wanda<sup>2</sup> menga

„ 11

„ 13

10. Wanda sigeg

„ 15

11. Aksara luluh

„ 16

12. Aksara gedé

„ 17

13. Angka



**SERAT  
IPANUNTUN  
NATA SASTRA**

**PAMBRASTA WUTA SASTRA**

Karanganipun :  
**Ki DHARMOBROTO dkk.**

**Kawedalaken déning : Jajasan „DHARMO WANDOWO”  
Djl. Slamet Rijadi 502  
SURAKARTA.**







## B E B U K A .

Nuwun, metode punika adedasar „tumandang pijambak”  
Tjaranipun kados „dolanan”. Sageda nggigah manah :

„Rumagang ing damel pijambak”.

Sarana kalantih :

- a. Ningali kanti titi.
- b. Milihi aksara<sup>2</sup> pijambak.
- c. Nata pilihanipun pijambak.
- d. Ndamel wanda<sup>2</sup> pijambak.
- e. Damel tembung<sup>2</sup> pijambak.
- f. Ndapuk ukara pijambak.
- g. Ngarang waosan pijambak.

Kados tandangipun djuru ngetik ing kantor, utawi djuru nata aksara ing pangetjapan (letterzetter).

Ing sadèrèngipun perang, metode punika sampun naté dipun praktèkaken ing sekolahan, kanggé garan mulang maos ingkang kawitan ing klas I sekolahan Djawi. Wohipun maremaken sanget.

Pandugi kula kangge garan mulang wonten ing kursus B. H. (buta huruf) matuk sanget. Tjaranipun njenengaken, boten mboseni, dados inggih énggal saged tumandja.

Kanggé garan sinau pijambak wonten ing grija inggih tjotjog kalijan kawontenan. Langkung malih tumrap para sadèrèk ing pakampungan utawi ing padusunan ingkang umumipun mentas sami njambut damel rekaos, kraos aras-arasen ndatengi kursus B. H., wonten ing grija kalijan ngaso saged njambi dolanan kertu aksara. Manawi tlatos temtu ladjeng saged mentas saking wuta sastra, saged maos. Manawi salah satunggaling bathipun wonten ingkang saged maos, warganing batih punika saged njukani tuntunan : sinau maos mawi garan „kertu-aksara” manut metode ingkang katur punika.

Ing pangangkah mug<sup>2</sup> metode punika sageda dados sarana ingkang matuk anggèn kula sami tumut<sup>2</sup> ngrantjagaken lampahing pambrasta wuta sastra tumrap para sadèrèk kula bangsa Djawi.

Wasana inggih namung njumanggakaken keparengipun ingkang sami kersa ngagem.

Taklimipun,

INGKANG NGARANG.

---







## PIRANTINE.

### I. Papan Nata Aksara.

	Gambar Perang Tjakil Abimanju	Gambar Djedjer Ngamarta Judistira
<b>A</b>	tja kil a bi ma nju	ga rèng pé truk
<b>B</b>	wer ko da ra ju dis ti ra	har dju na
<b>C</b>	a i é o u e è :	
<b>D</b>	.....	.....
<b>E</b>	.....	.....

### II. Dus kotak isi kertu - aksara.

- 48 aksara ing ngisor gambar.
- 52 aksara swara angka 11.
- 52 aksara ABC tjilik lan gedé.

Ing ngisor aksara ana garisé ireng. Jèn nata, garis ireng kuwi kudu ènèng ngisor. Adja nganti kwalik.

Kertu sing gegeré tjoklat, manggon ing kotak tjoklat, sing gegeré kuning, manggon ing kotak kuning. Adja nganti worsuh.

### III. Buku Panuntun.

Sing arep mulang kudu njinau disik isine buku iki.

Latihan<sup>2</sup> kudu katindakaké sing tertib urut wiwit angka 1 — 2 — 3 sapituruté, kaja déné antjer<sup>2</sup> kang kapratélakaké ing bab „Tjarané sinau” ing buku iki.



## T J A R A N E S I N A U .

1. Papan Nata Aksara wis diadepaké.
  - a. Ngunèkaké uniné tulisan larikan I ing ngisoring gambar karo nudingi aksarané sarta gambaré.
  - b. Uniné tulisan iku diunèkaké saka kiwa manengen, nganti apal tenan : tjakil - abimanju - garèng - pétruk.
  - c. Bandjur njandak ngapalake uniné tulisan ing larikan II. Lakuné kaja a lan b ing duwur mau.  
Apal tenan : werkodara - judistira - hardjuna.
2. Natjahaké kèhing tembung<sup>2</sup> ing ngisoring gambar :  
Ing larikan I ana 4 tembung (aran).  
Ing larikan II ana 3 tembung.
  - a. Anggoné natjahaké sarana matja satembung<sup>2</sup> saka kiwa manengen karo di tjotjogaké gambaré.
  - b. Larikan I ana pirang tembung ? Larikan II pirang tembung ?
  - c. Nganti bisa tenan, nadyan anggoné ngarani tembung<sup>2</sup> mau oraurut, ija bisa. Bisa lanjahan tenan.
3. Ngudal wandaning tembung. (Ngudal tembung dadi wanda).

Larikan I :

tjakil = tja kil = tja + kil = 2 wanda.

abimanju = a bi ma nju = a + bi + ma + nju = 4 wanda.

garèng = ga rèng = ga + rèng = 2 wanda.

petruk = pé truk = pé + truk = 2 wanda.

Larikan II :

werkodara = wer ko da ra = wer + ko + da + ra = 4 wanda.

judistira = ju dis ti ra = ju + dis + ti + ra = 4 wanda.

hardjuna = har dju na = har + dju + na = 3 wanda.

Anggoné ngudal tembung dadi wanda iku, sarana matja tembungé, pilahing wanda-wandané kudu ditjetakaké.

Upamané :

tjakil anggoné matja : tja ..... kil.

abimanju " " a ..... bi ..... ma ..... nju.

hardjuna " " har ..... dju ..... na.

tjeta pilahing wanda-wandané karo nudingi aksara<sup>2</sup> sing mudjudaké wanda<sup>2</sup> iku.

Tekan samono prajoga dianakaké latihan mbalèni : bab 1 - 2 - 3 ing duwur, nganti bisa apal tenan. Sanadjan anggoné matja diplentjat-plentjat oraurut, utawa diwatja saka kiwa manengen. saka tengen mangiwa, ija bisa. Upamané :

Saka kiwa manengen :

a bi ma nju

wer ko da ra

har dju na

ga rèng

Mangkono sabandjuré.

Saka tengen maginwa :

nju ma bi a

ra da ko wer

na dju har

rèng ga



#### 4. Ngudari wanda dadi aksara.

##### Larikan I :

tja kil kaudal wandané disik : tja ..... kil  
tja kaudal dadi rong aksara : tj ..... a  
kil " dadi telung " : k ..... i ..... l  
a bi ma nju kaudal wandané : a ..... bi ..... ma ..... nju  
a = wanda kang awudjud aksara 1  
bi = b ..... i = 2 aksara.  
ma = m ..... a = 2 aksara.  
nju = nj ..... u = 2 aksara.  
ga rèng kaudal wandané disik : ga ..... rèng.  
ga = g ..... a = 2 aksara.  
rèng = r ..... è ..... ng = 3 aksara (kertu).  
pé truk kaudal wandané disik dadi : pé ..... truk.  
pé = p ..... é = 2 aksara.  
truk = t ..... r ..... u ..... k = 4 aksara (kertu).

##### Larikan II :

wer ko da ra kaudal wandané disik : wer ..... ko ..... da  
..... ra = 4 wadna.  
wer = w ..... e ..... r = 3 aksara.  
ko = k ..... o = 2 aksara.  
da = d ..... a = 2 aksara.  
ra = r ..... a = 2 aksara.  
ju dis ti ra kaudal wandané disik : ju ... dis ... ti ... ra.  
ju = j ..... u = 2 aksara.  
dis = d ..... i ..... s = 3 aksara.  
ti = t ..... i = 2 aksara.  
ra = r ..... a = 2 aksara.

har dju na diudal wandané disik :

har ..... dju ..... na = 3 wanda.  
har = h ..... a ..... r : = 3 aksara.  
dju = dj ..... u = 2 aksara.  
na = n ..... a = 2 aksara.

##### Tjarané ngudal wanda dadi aksara :

- a. Manut „klankmetode”. Anggoné ngutjapaké aksarané manut kedalé lan swarané aksarané. Upama :  
ra anggoné ngutjapaké katjetakaké kedering r dadi rrrrrrr  
bandjur njuwara aaaaaa muni : rrrr ..... aaaaa = r ... a.  
rèng anggoné ngutjapaké katjetakaké kedering r kasambung swara è bandjur mbrengengeng dadi : rrrrrr ... èèèèèèèè ...  
ngngngng = r ... è ... ng. tja anggoné ngutjapaké : kedaling tjtjtjtj bandjur njuwara : aaaaa dadi tj ..... a ..... lsp.  
kil = kkkkk ..... iiii ..... llll = k ... i ... l.  
Mangkono sapituruté,



- b. Manut „Spelmethode”, Jaiku kanti njepèl, manut djenenging aksara ing ABC. Upama :  
tja awudjud : té jé lan a uniné „tja”  
kil awudjud : ka i lan èl (k ..... i ..... l.)  
Tumraping wulangan ana ing kursus B. H. kiraku prajoga nganggo tjara „Spelmethode” (b).  
Sanadjan mangkonoa prakara iki bisa milih tjara mau salah sidji. Nganggo tjara „klankmethode” (a) apa tjara „Spelmethode” (b).  
Manawa latihan angka 4 iki wis bisa tenan, bandjur njandak wulangan ing ngisor iki :

5. Nutupi aksara ing ngisor gambar (rong larik) nganggo kertu aksara. (aksara abang ditutupi kertu aksara).

Tjarané kaja mangkéné :

- a. Kertu - aksara ing kotak sing gegeré tjoklat, diwetokaké ditata dadi rong larik ing ngisor déwé. Adja nganti kwalik. Garis ireng kudu ènèng ngisor. Anggoné nata wiwit saka kiwa manengen.
- b. Mbalèni latihan :
1. Matja tembung<sup>2</sup> larikan I bandjur larikan II.
  2. Ana pirang tembung ?  
Larikan I ana pirang tembung ?  
Larikan II ana pirang tembung ?
  3. Ngudal tembung<sup>2</sup> mau dadi wanda.
  4. Ngudal wanda dadi aksara.  
Tjarané kaja kang kapratelakaké ing angka :  
3 — 4 ing ngarep.

Sing ditutupi disik larikan I.

Ana pirang tembung ? Papat : tjakil-abimanju-garèng-pétruk. Wiwit saka „tja kil”.

Ana pirang wanda ? rong wanda : tja + kil.

Nutupi wanda „tja”. Awudjud rong kertu : tj + a.

Saiki nggolèki kertu „tj” sing didjèdjèr ing ngisor déwé mau.

Jèn wis ketemu „tj” kuwi didjupuk, ditumpangaké „tj” ing larikan I. „tj” abang wis katutupan kertu „tj”.

Bandjur nggolèki kertu „a”. Jèn wis ketemu ija bandjur ditumpangaké „a” ing buriné „tj” mau. Dadi sing wis ditutupi wanda : „tja”. Bandjur njandak wanda „kil” ing buriné. Mangkono saterusé, nganti larikan I katutupan kertu - aksara kabèh. Nuli njandak larikan II.

Latihan nutupi aksara<sup>3</sup> rong larik nganggo kertu-aksara iku ditindakaké bola-bali nganti bisa prigel tanpa luput.

Saben enggoné nutupi olèh satembung, tembungé bandjur diwatja. Jèn wis olèh salarik, larikan iku ija bandjur diwatja karo nudingi kertuné.



**Pènget :**

Adja agé<sup>2</sup> njandak latihan anjar, jèn latihan sing lagi disinau durung bisa tenan.

Jèn matja tembung, kudu sing tjeta pilahing wandané.

Jèn matja wanda sabisa-bisa kudu ditjetakaké kedaling aksara lan swarané : sssiiii, nnnnaaa, rrrroooo, lllluuuu, kaulur

**6. Gawé tembung lija nganggo wanda<sup>2</sup> ing larikan I — II.**

**Tjarané :**

a. Tulisan rong larik ditutupi disik nganggo kertu-aksara :

tja kil    a bi ma nju    ga rèng    pé truk  
wer ko da ra    ju dis ti ra    har dju na

b. Kertu „a” ing „abimanju” didjupuk, dielih ing larikan D. Ing buriné disèlèhi kertu „ju” saka „judistira”. Dadi bisa muni : „ a ju ”.

Kertu „tja” ing „tjakil” dielih ing larikan D. Ing buriné disèlèhi kertu „ra” ing „werkodara”. Dadi bisa muni : „tja ra”.

Kaja mangkono tjarané, sabandjuré bisa gawé tembung<sup>2</sup> :

a ju	tja ra	a na
na ga	ra na	na ma
a ma	ga da	nju kil
bi ma	ra bi	ra ga
ma dju	ma rèng	ko rèng
wer na	da ra	na ga ra
na ko da	tja ma ra	har tana.

Tembung<sup>2</sup> anjar mau bandjur diwatja,, satembung-satembung, saka kiwa manengen, karo ngandakaké asalé tembung<sup>2</sup> mau. Upamané :

a ju :        „a” saka „abimanju”.  
              „ju” saka „judistira”.

na ko da : „na” saka „hardjuna”.  
              „ko” saka „werkodara”.  
              „da” saka „werkodara”.

Mangkono sabandjuré.

Prelu katerangaké, jèn aksara swara „a” sok aswara djedjeg à ing tembung „dâ râ”, aswara miring à ing tembung „àbimanju” Réhning aksara swara a iku sabandjuré bisa muni djedjeg utawa miring, mangka tanpa tenger apa<sup>2</sup>, mulané bisané bener pamatjané ija mung saka kulina lan ngreti njang paketjapan Djawa.



7. Gawé wanda<sup>2</sup> lijané.

Tjarané :

- a. Tulisan rong larik ing ngisor gambar ditutupi disik nganggo kertu - aksara. Kaja bab 6.
- b. Kertu „a” ing wanda „na” tembung „hardjuna”, djupuken, tutupna „a” ing larikan C. Ing ngarepé sèlèhana kertu „n” uga saka tembung „hardjuna” mau. Dadi ija isih muni „na” Kertu „n” balèkna enggoné mauné, dadi kari „a”. Kertu „r” saka „werkodara” djupuken, sèlèhna ngarepé a sing kèri mau, dadi bisa muni „ra” Plek kaja „ra” ing „werkodara”.

Jèn kertu „r” diganti „tj” saka „tjakil”, bisa muni : „tja”.

Kertu „tj” diganti „k” bisa dadi „ka”.

Mangkono sabandjuré. Bisa gawé wanda<sup>2</sup> aswara „a” sakarepé. Upama gawé wanda legena 20 (tjarakan Djawa) kaja ing ngisor iki :

a	ha	na	tja	ra	ka
	da	ta	sa	wa	la
	pa	da	dja	ja	nja
	ma	ga	ba	ta	nga

Ing larikan ngisor déwé bandjur bisa nata tembung<sup>2</sup> kaja ing ngisor iki :

ta ma ma tja  
sa pa ma ra  
ana a pa  
wa dja ja la ra  
dja ta na ta ba ta  
a na da ra ma ra  
ka na a na ba ja  
da ma la ra da da

sa ga ra dja wa  
ba ta ra ka la  
pa ra dja wa ta  
na ga ra pa na ra ga  
ba la wa na ra  
a na tja ra ka  
ma ha ra dja ra ma  
pa ra dja wa ta pa da sa ta ta.



8. Gawé wanda menga aswara : a — i — é — o — u — e — è.

Tjarané :

a. Tulisan rong larik ing ngisor gambar ditutupi disik nganggo kertu - aksara.

b. Kertu a ing tjakil dielih katumpangaké a larikan C.

i	..	abimanju	..	..	i	larikan	C.
é	..	pétruk	..	..	é	..	C.
o	..	werkodara	..	..	o	..	C.
u	..	judistira	..	..	u	..	C.
e	..	werkodara	..	..	e	..	C.
è	..	garèng	..	..	è	..	C.

c. Aksara swara ing larikan C : a — i — é — o — u — e — è, wiskatutupan kertu - aksara swara kabèh.

Jèn ngarepé aksara swara pitu mau :

disèlèhi „h” dadi : ha — hi — he — ho — hu — he — hè.

.. „n” dadi : na — ni — ne — no — nu — ne — nè.

.. „tj” dadi : tja — tji — tje — tjo — tju — tje — tjè.

.. „r” dadi : ra — ri — re — ro — ru — re — rè.

.. „k” dadi : ka — ki — ke — ko — ku — ke — kè.

Mangkono sabandjuré ing ngarepé aksara swara pitu mau disèlèhi (disalini) aksara<sup>2</sup> uruté ing tjarakan :

— d t s w l — p d dj j nj

— m g b t ng —

Dadi wekasané wanda<sup>2</sup> :

nga — ngi — nge — ngo — ngu —

ngè.

9. Ndapuk tembung<sup>2</sup> sarta ukara<sup>2</sup> nganggo wanda<sup>2</sup> menga ing latihan No. 8 ing duwur mau. Katata ing larikan D — E ngisor déwé. Upamané :

a	a pa	a dja	a la	a ra —	a ra
i	i ga	i si	di na	tji ta	tji ri
é	é wa	pé lo	dé dé	ré ka	pi jé
o	o ra	lo ro	po la	bi do	pé lo
u	u pa	tu ku	pu lo	su ri	gu lé
e	e lo	le gí	te bu	be lo	se ga
è	è mu	kè dju	mè ri	tè dji	mè lu

Sapanunggalané.



sa i ki di na a pa?  
sa si dja wa sa si a pa?  
wa su ta a pa si da lu nga?  
o ra si da la ra nge lu.  
a di mu a pa bi sa ma tja?  
bi sa.  
i ki bu ku né sa pa?  
bu ku né su pa ma.  
ni, pu tu mu pi ra?  
pu tu ku pi tu.

---

ka é ke bo né sa pa?  
ke bo né su la ma.  
ke bo mu pi ra?  
a ku o ra du wé ke bo.  
a ku du wé sa pi.  
sa pi mu pi ra?  
li ma.  
a ku o ra du wé a pa - a pa.  
a pa i ja?

---

pa ni ja la gi ma tja.  
si be dja ma ra.  
pa ni ja o ra a pa - a pa di bi ti.  
o ra a pa - a pa pi jé?  
pa ni ja ngi wi - iwi dja ré.  
mu la né di bi ti.  
di iwi - i wi a pa la ra?  
ja o ra.  
di bi ti a pa la ra?  
ja ra da la ra.

---

ro ti . . . . ti ro ti,  
su mè ru ta wa ro ti.  
ro ti! tu ku!  
ro ti né re na - re na.  
bo lu kè dju ro ti ke na ri.  
a ku tu ku ro ti né kè dju se ta li.

---



## 10. Wanda sigeg.

Tulisan ing ngisor gambar (A - B) wis ditutupi nganggo kertu kabèh.

Kertu telu sing nutupi wanda „har” ing tembung „hardjuna” dielih ing larikan C, kertu „a” kudu temumpang ing aksara swara „a”, h ing ngarep a déné r ing buriné: „har”.

Kertu h diganti n bisa muni: nar  
n diganti tj bisa muni tjar  
tj „ r „ „ rar  
r „ k „ „ kar

Sabandjuré bisa gawé wanda<sup>2</sup>:

dar	tar	sar	war	lar
par	dar	djar	jar	njar
mar	gar	bar	tar	ngar

Aksara r ing wanda har iku aksara mati utawa aksara sing dadi sesigeging wanda.

Jèn r ing tjarakan duwur iku diganti: n dadi muni:  
han nan tjan ran kan sabandjuré.

Jèn n diganti h bandjur dadi:  
hah nah tjah rah kah sabandjuré.

Jèn h diganti k bandjur muni:  
hak nak tjak rak kak sabandjuré.

Déné aksara<sup>2</sup> sing bisa dadi sesigeging wanda jaiku:

Aksara: h — n — r — k — d — t — s — l — p — m — g —  
b — ng.

Jèn ditatani a ing ngarép bisa dadi:

ah — an — ar — ak — ad — at — as — al — ap — am —  
ag — ab — ang.

Wanda sigeg aswara: i, kaja wanda „kil” ing tembung „tja kil”. Wanda „kil” bisa diowahi dadi:

il nil tjil ril kil sabandjuré.

Jèn aksara sesigegé sing diganti, bandjur bisa muni:

kil kih kin kid kit kis kip kim kig kib.

mangkono sabandjuré.

Bandjur njandak wanda<sup>2</sup> sigeg kang aswara:

è é o u e

Mungguh tjarané kaja kang kapratélakaké ing duwur. Saben wis bisa nata wanda<sup>2</sup> sigeg, bandjur kalatih gawé tembung<sup>2</sup>

Jèn wis bisa ija bandjur dilatih gawé watjan.

Jèn wis bisa ija bandjur dilatih gawé watjan.



Latihan watjan.

an tjan di tjin dé tjén dol tjun duk  
il kil si kil wa kil tju kil bung kil  
sén dok séng gol sén té én tong gén dong  
tok to tok ké tok bo tok tém bok  
luk pu luk dja luk ke luk mu luk  
rem ma rem me rem ka rem su rem  
ès ka tèès ba rèès gem bèès rèèm bèès

---

ing pa dé san.

é suk - é suk i sih pe teng.  
pak su ta wis ta ngi.  
pak su ta a rep mlu ku.  
pak su ta me njang kan dang.  
ma ran i ke bo né.  
ke bo né a rep di eng go mlu ku.  
ke bo né lo ro le mu - le mu.  
sa i ki mang sa né wong nan dur pa ri.  
mèh sa ben di na u dan.  
mu rah ba nju.

---

man tjing

si man ka ro si min  
a rep man tjing njang ka li  
lah ka é la gi go lèk tja tjing  
tja tjing kang go pa kan.  
si man pinter man tjing.  
sa dé la ba é wis o lèh i wak.  
si min sing ko djur  
du rung o lèh si dji - si dji a  
si man wis o lèh li ma.

---

dja go ka té.

ku wi dja go né sa pa?  
lo lo dja go né di o jak dja go wi do.  
nèk sing wi do ku wi dja go né par man.  
dja go né ka té we di.  
lu ma ju mu lih ki ra ku.  
dja go ka té,  
wa ni né nèng o mah é dé wé.

---



11. Aksara sing luluh : r — w — l — j .  
dadi : tr — tw — tl — ty .  
kr — kw — kl — kj .

Tjarané :

Wanda „truk” ing tembung „pé truk”  
dielih kasèlèh ing larikan ngisor (D).

aksara	k	dibalèkaké	dadi	kari	: tru
aksara	u	dibalèkaké	dadi	kari	: tr
aksara	r	disalini	w	dadi	: tw
aksara	w	disalini	l	dadi	: tl
aksara	l	disalini	j	dadi	: ty

Mangkono sabandjuré temahan bisa gawé wanda :

tra	—	tri	—	tro	—	tru	—	tré	—	trè
kwa	—	kwi	—	kwo	—	kwu	—	kwé	—	kwè
sla	—	sli	—	slo	—	slu	—	slé	—	slè
gja	—	gji	—	gjo	—	gju	—	gjé	—	gjè

Sapanunggalané.

Bandjur bisa gawé tembung<sup>2</sup>:

tra si	tri ma	kro to	tru na
sra bi	sru tu	tri tis	tre bang
klu wak	gla li	gludug	kra i
klo bot	ko pjah	em pjak	am pjang

Bandjur bisa gawé ukara<sup>2</sup>:

am bjah ling gih kla sa.  
a di ku kli lip en.  
sim bok njam bel klu wak.  
gom bloh dja ga tja kruk.  
gro bag mo mot kri kil.  
klam bi né wis di sle ti ka.  
kri nget è dlè wèr an.  
di ta kon i pleng gang - pleng gong.  
a ku la gi ngem plok kle pon.  
kram bil e la gi di srum bat.  
me njang sen dang ngin dit klen ting.  
mangan kra i kre mas - kre mus.  
ngan tuk te klak - te kluk.

Tembung<sup>2</sup> sarta ukara<sup>2</sup> iku kena kanggo latihan dikte  
nganggo kertu - aksara. Mesti baé bisa ditambahi sabudiné.



## 12. Aksara gedé.

Kertu tambahan abc ing kotak putih (aksara tjilik) 26 idji ditata ing larikan D.

a b c d e f g h i j k l m n o p q r s t u v w x y z Ing larikan iki ana aksara<sup>2</sup> sing durung tau diwulangaké :

c f q v x y z — Aksara 2 iki kanggo nulisi tembung<sup>2</sup> mantja (asing).

Ing larikan E ditatani aksara ABC gedé 26 sing urutan :

A B C D E F G H I J K L M N O P Q R S T U V W X Y Z

Wudjudé aksara gedé karo aksara tjilik 26 idji mau ditamataké Uniné diapalaké manut djenengé aksarané. Wudjudé aksara<sup>2</sup> ing larikan D ditanding karo aksara<sup>2</sup> ing larikan E. Ana sing wudjudé utawa wanguné pada plek. Mung katjèk gedé karo tjilik baé. Iki sing didisikaké.

C O P S U V W Y X Z

c o p s u v w y x z

Ana sing mèh pada :

I J K H L B

i j k h l b

Ana sing rada mémper :

A D E F G N M Q R T

a d e f g n m q r t

Kanggoné :

- Kanggo nulisi aksara kang dadi-wiwitaning sarupaning djeneng. Djenengé : uwong, kéwan, kali, gunung, sagara, pulo, kuta, nagara, lan sapanunggalané,
- Katulis ing wiwitaning ukara, saburiné: pada (.) titik, pada pitakonon (?) pada panguwuh (!) pada pangkat (:).
- Katulis ing wiwitaning tembung<sup>2</sup> ing ukara kang dadi sarining artikel ing koran, utawa babing pakabaran.

Iku mau kabèh kanggoné aksara gedé kang bebarengan karo aksara tjilik.

Tjarané.

Tembung<sup>2</sup> ing ngisor gambar kiwa tengen iku djenenging wajang, mulané prajogané diwitana ngganti aksara<sup>2</sup> tjilik sing dadi purwaning djeneng mau, nganggo aksara<sup>2</sup> gedé. Wudjudé tulisan bandjur kaja mangkéné :

bu ta	tja kil	Wer ko da ra
A bi ma nju		Sri Ju dis ti ra
Ga reng	Pé truk	Har dju na

Sewisé iku bandjur dilatih nata aksara migunakaké aksara gedé.



Watjan minangka panglantih kanggoné aksara gedé.

Kadang Brata Pandawa urut tuwa jaiku :

1. Sri Judistira utawa Puntadéwa,  
ratu ing Ngamarta.
  2. Radèn Werkodara,  
satrija ing Djodipati.
  3. Radèn Hardjuna ija Radèn Djanaka,  
satrija ing Madukara.
  4. Radèn Nangkula lan Radèn Sadéwa (5),  
satrija ing Sawodjadar.
- 

Nggusah manuk.

Plok ..... plok ..... plok!

Sjah ..... sjah ..... sjah!

Ha ra ..... ja!

Kuwi swarané Kasim nggusah manuk.

Glatik, emprit, manjar pada neba ing sawah.

Pada mangani pari.

Pantjèn ama pari tenan.

Wulèné akèh sing gembrang.

Kasim ribut nggusahi manuk.

Mlaju urut galengan karo ngunèkaké goprak.

Plok ..... plok ..... plok!

Bjur ..... ! Manuké mabur kekalangan.

Ning ora suwé ndjur neba ing sawah manèh.

---

### 13. Angka.

Anggoné mulangaké bisa kasambi karo gawé watjan,  
katata ing larikan D E. Upamané :

Gunung.

Ing pulo Djawa akèh gunungé.

Gunung sing gedé<sup>2</sup> ing Djawa Tengah :

- |                |                |
|----------------|----------------|
| 1. G. Lawu.    | 6. G. Sundara. |
| 2. G. Merapi.  | 7. G. Sumbing. |
| 3. G. Merbabu. | 8. G. Dijèng.  |
| 4. G. Ungaran. | 9. G. Prau.    |
| 5. G. Murja.   | 10. G. Slamet. |
-



Araning dina :	1. Akad.	Arané dina pasaran :
	2. Senèn.	1. Wagé.
	3. Selasa.	2. Kliwon.
	4. Rebo.	3. Legi.
	5. Kemis.	4. Paing.
	6. Djemuah.	5. Pon.
	7. Setu.	

---

Taun Maséhi ana 12 sasi :

1. Djanuari	umuré 31 dina
2. Pebruari	.. 28 (29) dina
3. Maret	.. 31 dina
4. April	.. 30 ..
5. Mei	.. 31 ..
6. Djuni	.. 30 ..
7. Djuli	.. 31 ..
8. Agustus	.. 31 ..
9. September	.. 30 ..
10. Oktober	.. 31 ..
11. Nopember	.. 30 ..
12. Desember	.. 31 ..

Sasi Djawa ija ana rolas :

1. Sura	5. Djumadilawal	9. Pasa
2. Sapar	6. Djumadilakir	10. Sawal
3. Mulud	7. Redjeb	11. Selo
4. Bakdamulud	8. Ruwah	12. Besar

Déné umuré sasi Djawa ana sing 29 ana sing 30 dina.

---



# KERTU-AKSARA

<u>tj</u> a k i l a b i m a <u>nj</u> u g a r è <u>ng</u> p t r u k	geger tjoklat
w e r k o d a r a j u d i s t i r a h a r ' d j u n a	
a i é o u e è 1 2 3 4 5 6 7 8 9 1 0 a i é o u d t	geger kuning
<u>nj</u> <u>tj</u> <u>dj</u> <u>ng</u> <u>D</u> <u>T</u> <u>Nj</u> <u>Dj</u> <u>Ng</u> . , ? ! : = + ; - × /	geger kuning
a b c d e f g h i j k l m n o p q r s t u v w x y z	geger putih
A B C D E F G H I J K L M N O P Q R S T U V W X Y Z	



PERTJETAKAN  
PERSATUAN-SOLO  
2125 - 57